



Kritè pou genyen pou ka gen Sètifika Alfabetizasyon Miltalang lan

Depatman Edikasyon Delawè a te etabli yon **Sètifika Alfabetizasyon Miltalang** pou rekonèt elèv lekòl segondè ki te atenn yon wo nivo nan konpetans nan youn oswa plizyè lòt lang anplis de angle. Elèv lekòl segondè Delawè yo ka aplike pou de nivo sètifika:

- **Sètifika Alfabetizasyon Miltalang Nivo Lò** pou nivo konpetans entèmedyè/mwayen
- **Sètifika Alfabetizasyon Miltalang Nivo Dyaman** pou nivo konpetans avanse/minimal

Sètifika Alfabetizasyon Miltalang Kritè pou Nivo Lò	Sètifika Alfabetizasyon Miltalang Kritè pou Nivo Dyaman
Lang Mondyal	Lang Mondyal
Nivo Entèmedyè-Mwayen pou pi piti antanke mwayenn nan egzamen nasyonal konpetans nan lang oral, lekti ak ekriti. • 13 sou AAPPL la • 5 sou STAMP la • 13 sou Evalyasyon ALIRA (Laten) • 2 nan ASLPI • “Siviv” nan SLPI a nan <i>Lang Siy Ameriken</i> OUBYEN Mwayenn 3 nan egzamen Nivo Avanse (NA) Lang Mondyal ak Kilti OUBYEN Mwayenn 4 nan egzamen Lang Bakaloreya Entènasyonal	Nivo Avanse-Minim pou pi piti antanke mwayenn nan egzamen nasyonal konpetans nan lang oral, lekti ak ekriti. • A sou AAPPL • 7 sou STAMP • A sou Evalyasyon ALIRA (Laten) • 3 nan ASLPI • “Intermediate Plus” nan SLPI a nan <i>Lang Siy Ameriken</i> OUBYEN Mwayenn 5 nan egzamen Nivo Avanse (NA) Lang Mondyal ak Kilti OUBYEN Mwayenn 6 ou plis nan egzamen Lang Bakaloreya Entènasyonal

Anglè (pou tou de Sètifika yo)
• Fè mwayenn 3 pou pi piti nan Evalyasyon Konpetans Lang Anglè pou 8yèm ane Premye Sik Segondè OUBYEN • Fè mwayenn kompoze PL 4.0 pou pi piti sou ACCESS pou evalyasyon EL yo pran pandan lekòl premye sik segondè oswa nan lekòl segondè OUBYEN • Fè mwayenn 390/410 pou pi pitit sou seksyon lang angle (EBRW) nan PSAT8 / 9 oswa 430 sou PSAT10 oswa 460 sou PSAT / NMSQT OUBYEN • Fè mwayenn 480 pou pi pitit nan seksyon Lang Anglè (EBRW) nan Egzamen Fen Detid Segondè (<i>SAT an anglè</i>)

Elèv ki satisfè kritè yo pou kèkeswa nivo sètifika a ta dwe ranpli **Sètifika Alfabetizasyon Miltalang** epi swiv enstriksyon pou soumèt jan sa parèt nan aplikasyon a. Pou plis enfòmasyon, kontakte cert.multilit@doe.k12.de.us.